



**SD TALENTA  
TKI III F-I  
KABUPATEN BANDUNG**

**RANGKUMAN BAHASA SUNDA  
Semester I / KELAS 1**

**Pangajaran : 1, 2, 3, 4**

**❖ Memperkenalkan diri**

- nepangkeun nami abdi \_\_\_\_\_
- umur / yuswa abdi \_\_\_\_\_ taun
- alamat bumi( rumah ) abdi di \_\_\_\_\_
- sakola abdi di\_\_\_\_\_
- abdi tos kelas \_\_\_\_\_
- nami ibu abdi \_\_\_\_\_
- nami bapa abdi \_\_\_\_\_

**• Minta izin ke toilet dalam Bahasa Sunda**

“bu, permios abdi badé ka pengker.”

**• Minta izin mau berangkat ke sekolah dalam Bahasa Sunda**

“bu, permios abdi badé mios ka sakola.”

**• Salam dalam Bahasa Sunda**

- wilujeng énjing = selamat pagi
- wilujeng siang = selamat siang
- wilujeng sonten = selamat soré
- wilujeng wengi = selamat malam
- hatur nuhun = terima kasih
- wilujeng angkat = selamat jalan
- wilujeng sumping = selamat datang
- hapunten = minta maaf

## Pangajaran 1

### I. Huruf (aksara ) vocal dina bahasa sunda nyaéta :

a , i, u, é, o, e, eu

❖ conto kecap-kecap anu ngadung sora a, i, u, o nyaéta :



buku



soca



ramo




botol



topi



bal



samangka



sapu




cau



kukupu



korsi



kuda

❖ conto kecap-kecap anu ngandung sora é



émbér



méja



péso



téko



bébék



embé





koréd

séndok

cabé

❖ conto kecap-kecap anu ngandung sora **e**



gelas

jeruk

apel



sendal


kendi

lempur

❖ conto kecap anu ngandung sora **eu**




peuyeum




sampeu



laleur




hileud



reungit



beurit



sireum

## II. Huruf ( aksara ) konsonan nyaéta :

b, c, d, f, g, h, j, k, l, m, n, p, q, r, s, t, v, w, x, y, z

conto kecap / kata yang berpola **konsonan, vokal** :

- ❖ bapa maké konsonan ( b, p )
- ❖ soca maké konsonan ( s , c )
- ❖ méja maké konsonan ( m, j )

## Pangajaran 2

### I. Anggota badan ( tubuh )

#### ❖ Kawih ngaran anggota tubuh

soca abdi dua

nu kénca katuhu

sampéan abdi dua

maké sapatu anyar

cepil abdi dua

ulah lepat nguping

lambey anu manis

ulah lepat ucap

panangan abdi dua

nu kénca katuhu


ulah salah rampa

bisi matak cilaka


#### ❖ Gunana anggota badan urang

- soca kanggo **ningali**
- cepil kanggo **mirengkeun**

- panangan kanggo **nyepeng, kanggo nulis**
- pangambung kanggo **ngambung, kanggo napas**
- sampéan kanggo **mapah, lumpat, najong bal**
- létah kanggo **ngecap rasa** (amis, asin , pait, lada, aseum)



**ngaran-ngaran ramo**



- jumlah ramo panangan aya **sapuluh**
- ramo nu pangalitna disebut **cinggir**
- ramo nu pangpondokna disebut **jempol**
- ramo nunpangjangkungna disebut **jajangkung**
- ramo nu sok dipaké nunjuk di sebut **curuk**
- ramo nu sok dipakéan ali ( cincin ) di sebut **jariji**

❖ **Lengkepan kalimah di handap ieu saluyu sareng kawih di luhur**

1. soca abdi aya **dua**
2. nu kénca sareng **katuhu**
3. sampéan abdi dua maké ..... anyar.
4. cepil abdi dua ulah lepat.....
5. lambey anu manis ulah lepat.....

**Pangajaran 3**


**Hayu urang kawihkeun tembang sasatoan**

**Mikanyaah sasatoan**


Hayam jago kongkorongok  
 Hayam bikang mah keketok  
 Ucing sada éong-éong  
 Anjing mah osok ngagogog  
 Jarapah panjang beuheungna  
 Gajah aya tulaléna  
 Buhaya resep ngadakom  
 Kuya mah leumpangna kendor.

Lauk hirup di cai  
Domba hirup di darat  
Cakcak osok ngarayap  
Monyét ceulina rebing...




### 1. ngaran jeung sora sasatoan



ayam jantan = hayam jago






ayam betina = hayam bikang



anak ayam = anak hayam

burung = manuk




bébék = meri



katak = bangkong

tikus = beurit


ular = oray




kambing = embé,

harimau = maung


gajah



sapi




kelinci = kelenci




babi




kucing = ucing




anjing




kera = monyét




kerbau = munding




kuda



jarapah




semut = sireum




Capung = papatong




reungit




ikan = lauk



buaya = buhaya




Kura – kura = kuya



ulat = hileud



kukupu



cicak = cakcak

#### ❖ Sora sasatoan

- hayam jago = kongkorongok
- hayam bikang = kokotak/ keketok
- anak hayam = ciciakan
- ucing = éong- éongan
- anjing = ngagogog
- embé = ngabérélé
- kuda = ngahiem
- maung = ngagaur
- manuk = récét

## 2. Maca kecap- kecap anu ngandung sora **ng** jeung **ny**

#### ❖ conto kecap – kecap anu ngandung sora **ng**

- |             |            |
|-------------|------------|
| a. bango    | f. munding |
| b. soang    | g. banténg |
| c. anjing   | h. maung   |
| d. ucing    | i. siang   |
| e. bangkong | j. panjang |

#### ❖ conto kecap – kecap anu ngandung sora **ny**

- |            |             |
|------------|-------------|
| a. monyét  | f. minyak   |
| b. penyú   | g. nyeuseuh |
| c. nyumput | h. nyapu    |
| d. nyerat  | i. nyarita  |

e. nyébor                    j. nyandak

### 3. Nulis

Gabungkeun engang di handap ieu jadi kecap anu bener !

Conto : reu – ngit = reungit

pigawé saperti conto di luhur !

a. ha – yam = .....

b. ma – ung = .....

c. mun – ding = .....

### 4. Pisahkeun nurutkeun engangna ( Menceraikan kata )

Conto : mandi = man – di

Jieun saperti conto di luhur !


a. sapu = .....


b. sapéda = .....

c. sakola = .....



### 1. Kulawarga





## 2. Kawih anggota kulawarga ( lagu satu – satu )

nu ka hiji abdi gaduh ibu  
 nu ka dua abdi gaduh bapa  
 nu ka tilu gaduh nini, aki  
 nu ka opat abdi gaduh lanceuk

bapa abdi namina pa rudi  
 ibu abdi namina bu nani  
 nini abdi namina ni tuti  
 aki abdi namina ki bobo

- nini : nenek (ibuna bapa atawa ibu)
- aki : kakek (bapana bapa atawa ibu)
- ibu : mama, mami
- bapa : ayah, papah, papi
- tétéh / ceuceu : kakak perempuan
- aa / akang : kakak laki-laki
- adé : adik
- bibi : tante (adi bapa atawa ibu anu istri)
- emang : paman,(adi bapa atawa ibu anu lalaki)
- uwa : kakaknya ibu atawa bapa.

- ❖ anu jadi kapala kulawarga nyaéta **bapa**.
- ❖ anu ngurus rumah tangga nyaéta **ibu**.
- ❖ ka ibu sareng ka bapa urang kudu **hormat**.
- ❖ di bumi urang kudu **nurut** kana paréntah / naséhat ibu sareng bapa.
- ❖ lamun nyarios kudu **sopan** sareng **jujur**
- ❖ lamun rék indit-inditan ( pergi ) kudu **bébéja** heula/ **pamitan**


### 3. Nyeraikeun kecap ( kata )

- sapatu = sa - pa - tu
- lélé = lé - lé
- roti = .....
- embé = .....
- daun = .....

### 4. Nyusun aksara ( huruf ) jadi kecap anu bener !

- s - u - a - p = sapu
- u - b - k - u = .....
- m - a - p - é - a - s - n = .....
- d - u - k - a = .....
- t - é - a - s = .....


### 5. Ngalengkepan kecap luyu jeung gambar



hi - leud = hileud


ge - las = gelas

c.



sa - ..... = .....

d.



je - ..... = .....

e.



té - ..... = .....

## 6. Hayu urang diajar ngitung!

1	= hiji	6	= genep
2	= dua	7	= tujuh
3	= tilu	8	= dalapan
4	= opat	9	= salapan
5	= lima	10	= sapuluh

## 7. Nama-nama hari ( poé, dinten) dina saminggu.

Senén, Salasa, Rebo, Kemis, Jumaah, Saptu, Minggu/ Ahad.

## 8. Nyusun kecap jadi kalimah

a. maca – **ani** – buku

• ani maca buku

b. bal – maén – **budi**

• \_\_\_\_\_

c. masak – **ibu** – sayur

• \_\_\_\_\_